

# Kuzvarwa kwa Jesu kunoziviswa



Tazvarirwa Mwana, tapiwa Mwanakomana.  
Muprofiti Isaya 9:6

## **Ruka 1: 26-38 - Kuzvarwa kwaJesu kunoziviswa**

**26** Mumwedzi wechitanhatu, Mwari akatuma mutumwa Gabhuri kuNazareta, guta riri muGarirea, **27** kumhandara yakanga yatsidzira kuwanikwa nomurume ainzi Josefa, chizvarwa chaDhavhidhi. Zita remhandara iyi rainzi Maria. **28** Mutumwa akasvika kwaari akati, “Kwaziwa, iwe wakanzwirwa nyasha zvikuru! Ishe anewe.” **29** Maria akatambudzika zvikuru namashoko ake uye akashamiswa kuti kukwazisa kwakadai ndekworudzii. **30** Asi mutumwa akati kwaari, “Usatya, Maria, iwe wanzwirwa nyasha naMwari.

**31** Uchava nomwana uye uchazvara mwanakomana, ugomutumidza zita rokuti Jesu. **32** Iye achava mukuru uye achanzi Mwanakomana woWokumusoro-soro. Ishe Mwari achamupa chigaro choushe chababa vake Dhavhidhi, **33** uye achatonga pamusoro peimba yaJakobho nokusingaperi; umambo hwake hahungatongogumi.”

**34** Maria akabvunza mutumwa akati, “Ko, izvi zvichaitika seiko sezvo ini ndiri mhandara?”

**35** Mutumwa akapindura achiti, “Mweya Mutsvene achauya pamusoro pako, uye simba roWokumusoro-soro richakufukidza. Saka mutsvene achazvarwa achanzi Mwanakomana waMwari. **36** Kunyange hama yako Erizabhethi achava nomwana pamazuva okukwegura kwake, uye mwedzi uno ndowechitanhatu kuna iye ainzi asingabereki. **37** Nokuti hakuna chinhu chisingagonekwi naMwari.”

**38** Maria akati, “Ini ndiri muranda waShe. Ngazviitike hazvo kwandiri sezvamareva.” Ipapo mutumwa akabva paari.